Зи кьалэн зыгъэзащІэ сабийр ахьшэкІэ гъэпэжэным и хабзэр къыщежьар КъухьэпІэрщ, щхьэтечу жьІпэмэ, абы щыпсэу унагъуэ кьулейхэрщ, куэд щІауи кьыщюгъуэгурыкІуэ. Псалъэм и хэтыркІэ, Америкэм и Штат Зэгурэтхэм ящыщ мелардыфбжэ Рокфеллерэх я унагъуэм кьыщІэкъуэ сабийкэм льагъэс дгтхэнэ лэжьыгъэми уасэ щиІэт: гъэшІэ ипхъэнкІамэ - центи 2, пхъэ икъутамэ - цент 30, и унэ лэжьыгъэхэр игъэзэщІамэ - центи 10, зригъасэу пианинэм зы сыхьэткІэ бгъэдэсами апхуэдиз, н.кь.

Апхуэдэ гъэсэныгъэм ныбжьыщІэм кьихилъхьэрт и щхьэ и унафэ зэрищІыжыну хьэл псыхьа, ГъащІэм зыщІихьэлІэну гугъуехьэм зэрапэщІэтыну быдагъэ. Хэбгъэзыхьмэ, балигъыпІэ иуда къуэр е пхъур колледжым е университетым зэрыщІэтысхьэри зэрыщеджэри банкым кьыІихэ кредитыгъэ. ІэщІагъэ и игъэту гъжьэн щІидзэ иужь ар епшыныж. Арац кьулейхэм я бынхэр Іэнэзекьэхэу, хьэпльэзеехьэхэу щІэплъагъунур. Кьапщтэмэ, зы махуэ телевиденэкІэ кьэтщІащ США-м и президенту щыта Обамэ Барак и пхъур тыкуэным кассиру зэрыщыщлажьэр. Дауи, апхуэдэ хабзэр псом я дежи щызекІуэрэкъым: щыІэщ кьалъхуахэр мыльэкІкІэ щІэзыгъанэхэри, уеблэмэ, щызыгъэкІэрэри.

Ауэ мыбы кьыдокІуэ дэ зэи кьыдэмызэгъэныгущІыІагъи: зи щхьэ Іуэху дигъэкІыжьфу кьэтэджа сабийм кьилъытэркъым езым и адэанэм я пащхьэм зы кьалэни щиІэу - ахэр щхьэхуэу мэпсэу, я бынхэр кьалъыимыгъаззу. Хэбгъэзыхьмэ, я ныбжьыр нэсу жьакІэр щапльыж ІэхъущІапІэр псэупІэ зыхуэхъуа лІыжьым е фызыжьым и деж и быныр лъагъунлъагу щыкІуэр ззэзмызэщ.

ЛъэпкъщІэм щІигу щыпсэу ди къэралым щыщ дэтхэнэми кьыдекІуэкІ хабзэ быдэщ лІыпІэ иужьку сабийхэр адэ-анэжэм япІынир, ирагъэджэныр, сыт и лъэныкъуэкІи пщІэ кьыхуащІу кьагъэтащІынур. Ар икІи къэрал политикэщ. Дызэрыщыгъэгъуаззщи, и адэмрэ анэмрэ зэбгъэдэкІыжами, я бынхэр утыкум кьынэркъым, апхуэдэ дыдэуи я щІэблэри балигъ хуэ нэужь ядэІэпыкъуэкІ хуейщ лъэрымыкъ хъуа кьэзылъхьахэм. А псоми я лъабжьэри яку дэлъ хуабагъэмрэ лъагъунагъэмрэщ. Ауэ «тхуэ» еджэкэм ахъшэ ятыным Іей и лъэныкъуэкІэ ижь ящІимыхну пІэрэ я зэхуущытыкІэхэм? Дэ и гугъу тщІыхэрэкьым апхуэдэ хабзэм нэфІнейм, Іупльэхэм яхуэдэ мыхъумыщІагъэхэр кьызэрыкІэрыщІэнуми.

Депутатхэм я лэжьыгъэр ягъэзащІэ. Абыхэм кьыхэлъхьэ псори Іэ1этымрэ жылагъуэм и бгъэдыхьэкІэмкІэ яухуэнщІыж. Нэхъ яфІэхъабылхэр кьонэ. Ахэращ зэхъуэкІыныгъэхэм дыхуэзышэри.

ЗэхъуэкІыныгъэхэр къытоплъэ

«Зэманыр макІуэ шэ икІауэ», - жиІащ усакІуэм. Ауэ, хэт нэхъ пасэу, хэти нэхъ кІасэу гу зэрыльитэщи, кІуэ кьудейм и мызакъуэу, абы икІи зехьуэж: дыгъуасэ хабзэу щытар нобэ къезэгъыжьыркьым, екІуу къекІуэжІар ядэжеркъым. Ар дэ щыдольагъу щІэкІэ егъэленуэ щыерыщ ди къэралым.

ЖЬЖЬЭ дымыІэбэу къыщыщІэддзэнти ди махуэгъэпсым. «ЦІыхущІэхэр» партым Къэрал Думэм къыщыхилъхьащ илъэсыщІэм щымылажьэ махуэхэр яГъэмащІэу накьыгъэм и зытэпсэжугъуэхэр нэхъ кІыхь ящІыным хуэгъэза хабзэгъэув проект. ЖьІэн хуейщ апхуэдэ жэрдэм блэкІа илъэхэми фракцэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьаІэтауэ зэрыщытар. Властхэм, уеблэмэ, хэІущІыІу ящІын хуей хъуат зыгуэри зэрахъуэкІыну зэрамывурадыр. АрщхьэкІэ депутатхэр иджыри уВыІэрэкьым.

Мыри гъэщІэгъуэнщ: зи гугъу тщІы илъэсыщІэ каникулэхэр ди гъащІэм кьызэрыхьыхьэрэ илъэс тІощІ хуэдизу хъуащи, дэ а щытыкІэм дизэгъауэ, щхьэтечу жьІпэмэ, десэжауэ щыткьым. Ахэр тфІэкІыхьыІуэщ. Уеблэмэ, зыгуэрхэм яГъэхьабырыр апхуэдизу зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр хэчъэшхуэ зыІэрыхьэжьи, езы депутатхэри яхэту, нэгъуэщІ къэралхэм я нэгу зыщрагъэувыным тращІыхьауэ: лыжэхэмкІэ Альпхэм къыщежэхьным е Тайландымрэ Сингапурымрэ я тенджьэ Іуфэхэм дыгъэ зыщрагъэуным. Иджы щхьэусыгуэу зэмылІэужьыгъуэхэм кьыхэкІыу апхуэдэ Іэмалхэр яІэжкьым. АрщхьэкІэ абы лъабжьэ иІэу кьыщІэкІынукьым - жэрдэмыр кьызыбгъэдэкІар ищхъэрэ палатэм хуэд щІауэ щыхэгъэрей кьаруэркъым, атІэ дыгъуаз утыку кьихьа партырщ. Абы тегъэщІапІэ ищІри зэхэщІыкІыну гугъуекъым: гъатхэм, псом хуэмыдэу накьыгъэм и дежь, кьалэдэсхэр зэман нэхъ хуэнькъуэщ, зэрызыщагъэпэсхуэм и мызакъуэу атІэ икІи зэрызыжьыхь хадэ ялэІэщІэхэм кІуэн папщІэ. Дауи, а жэрдэмыр зымыдэхэри занщІэу кьыкъуэкІащ – арыншауэ хьурэ?! Ауэ псалъэмакъыр ежьакІэщ.

Пэжу, иджыпстуи, хуеймэ, щыналъэ властхэм яхуэзфІэкІынущ накьыгъэ зыгъэпсэхугъуэхэр нэхъ кІыхь ящІыну. АрщхьэкІэ а лъэкІыныгъэр кьэзыгъэсэбэпыр закъуэтІакъуэщ.

Зэгуэр ягъэтІылъауэ щыта Іуэхури щІэрыщІэу кьаІэтыжащ. Зи гугъу тщІыр щымахуэ е гъэмахуэ зэманым тещІыхьауэ сыхьэтыр яІуэнтІэныращ. Фигу кьэдгъэкІжьынщи, зэгуэр Іэуэльауэшхуэ щІэту сыхьэтыр ягъэкІуатэу, кьрагъэкІуэтыжу щытащ, абы кьишэну сэбэпынагъэхэр ягъэвуэ: экономикэ и лъэныкъуэкІэ кьитыну фейдэри цІыхухэм я узынщагъэм кьаззрыкъуэщхьэпэнри, нэгъуэщІхэри.

Илъэс бжьыгъэхэм кьагъэльэгъуащ ар апхуэдэ дыдэу зэрыщымытыр. Зыкъомрэ ягъэныщкІуэ иужь абы щыгъуэм ХФ-м и Президенту щыта Медведев Дмитрий и унафэкІэ а хабзэр якъутэжащ 2010 гъэм. АрщхьэкІэ, уегупсыс зэрыхъунумкІэ, зы щыуагъэ яІэщІэкІащ: зэманыр щымахуэ кьхьбжькІэм кьытранащ. Абы и ІэранкІэ кьэнащ гукъанэ щІащІ куэд. Ауэ гъэмахуэ зэман кьхьбжькІэм дытетмэ нэхъыкІэ? Сыт хуэдэу щымытами, сыхьэтыр ягъэІэпхъэным и телъхьэу кьэзыгъэр нэхъыбэ хуэдэщ.

Депутатхэр зэпымыууэ щІэ зэрыльыхьуэм и щыхьэтщ тхьэмахуэ зэхуакум лэжьэгъуэу хэтыр махуиплІым хуэгъэкІуэным теухуауэ ящыщ ящыкьуэкъэм кьыхалъхьар. ЗэрыгурыІуэгъэщІи, щыхуэкъм я упахуэхэри, нэгъуэщІу яІэрыхьэ хэхъуэхэри зэрыщытІъэ кьахуэнэжу. А жэрдэмри уафэм кьрахьхьауэ щыткьым. Нэхъапэхэми абы тепсэлъыхьуэрэ щытащ. ЕтІуанэрауэ, зызыужьа къэрал зыбжанэр абы зэрытехьэрэ зэкъом щІащ. Ауэ абыхэм я деж щыщІэ щытыкІэр нэгъуэщІщи, дадэлъхьин хуейкьым: дэ зытетщІыкьын хуейр ди тепІэнчэ зыхуэдизырыщ, ауэ жэрдэмщІакІуэхэр мыбдеж Іуэхуи нэхъ куууэ щІыбгъэдыхьауэ кьыщІэкІынуц. Кьыхалъхьар ягъэунэхуащ: зы лъэщапІэм и лэжьакІуэхэр махуиплІым щыпэльэщащ иджыри къэс махуитхум зэфІагъэкІыу щыта лэжьакІэхэм. Ауэ, аргуэрыжьщи, мыбдежи псори щызэпэлъытын хуейщ: япэрауэ, ахъшэкІэ е нэгъуэщІкІэ тебгъэгушхуэмэ, лэжьакІуэхэр нэхъ жану лэжьэнущ. ЕтІуанэрауэ, зы щІыпІэм е зы Іэнатіэм кьыщезгъыр къэрал псом и дежкІэ пщалъэу бгъэув хъунукьым. АрщхьэкІэ, аргуэру тепсэлъыхь щыхъуакІэ, мыбы зыгуэр щыщІыІэщ...

Мы зэманым Урысеим куэд щытражьыхь егъэщІылІа Іэнатіэм: школым щегъэжауэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ я дежи нэсу. Белджыпы хъуащ абы зэкъуэкІыныгъэхэр хальхьэн зэрыхуейр. Языныкъуэхэм ГъэІэгу ягъуэтакІэщ. Кьапщтэмэ, Зыюу щыт къэрал экзаменым, еджапІэ нэхъыщхьэхэм Іэнатіэ зэрыщрагъэгъуэт щыкІэм, нэгъуэщІхэми. Псалъэмакъыр кьызэрежьэрэ хуэщІащи, ди дежкІэ щІэуэ щытыкьым.

АрщхьэкІэ зы щІэщыгъуэ кьыхэхъуащ. Зи гугъу тщІыр щколым фЫы дыдэу, щхьэтечу жьІпэмэ, «тху» защІэкІэ щеджэхэр ахъшэкІэ гъэпэжэным теухуа жэрдэмырщ. Хьэлэмэтщ икІи дызыпэмыплъащ. Иджыри къэс кьызэрекІуэкІар «тхур» сабийм кьехуэбІащ, ар кьэнхьІэт пщалъэщ. АтІэ абы уасэ хуэгъэувын хуей?

Зи кьалэн зыгъэзащІэ сабийр ахьшэкІэ гъэпэжэным и хабзэр къыщежьар КъухьэпІэрщ, щхьэтечу жьІпэмэ, абы щыпсэу унагъуэ кьулейхэрщ, куэд щІауи кьыщюгъуэгурыкІуэ. Псалъэм и хэтыркІэ, Америкэм и Штат Зэгурэтхэм ящыщ мелардыфбжэ Рокфеллерэх я унагъуэм кьыщІэкъуэ сабийкэм льагъэс дгтхэнэ лэжьыгъэми уасэ щиІэт: гъэшІэ ипхъэнкІамэ - центи 2, пхъэ икъутамэ - цент 30, и унэ лэжьыгъэхэр игъэзэщІамэ - центи 10, зригъасэу пианинэм зы сыхьэткІэ бгъэдэсами апхуэдиз, н.кь.

Апхуэдэ гъэсэныгъэм ныбжьыщІэм кьихилъхьэрт и щхьэ и унафэ зэрищІыжыну хьэл псыхьа, ГъащІэм зыщІихьэлІэну гугъуехьэм зэрапэщІэтыну быдагъэ. Хэбгъэзыхьмэ, балигъыпІэ иуда къуэр е пхъур колледжым е университетым зэрыщІэтысхьэри зэрыщеджэри банкым кьыІихэ кредитыгъэ. ІэщІагъэ и игъэту гъжьэн щІидзэ иужь ар епшыныж. Арац кьулейхэм я бынхэр Іэнэзекьэхэу, хьэпльэзеехьэхэу щІэплъагъунур. Кьапщтэмэ, зы махуэ телевиденэкІэ кьэтщІащ США-м и президенту щыта Обамэ Барак и пхъур тыкуэным кассиру зэрыщыщлажьэр. Дауи, апхуэдэ хабзэр псом я дежи щызекІуэрэкъым: щыІэщ кьалъхуахэр мыльэкІкІэ щІэзыгъанэхэри, уеблэмэ, щызыгъэкІэрэри.

Ауэ мыбы кьыдокІуэ дэ зэи кьыдэмызэгъэныгущІыІагъи: зи щхьэ Іуэху дигъэкІыжьфу кьэтэджа сабийм кьилъытэркъым езым и адэанэм я пащхьэм зы кьалэни щиІэу - ахэр щхьэхуэу мэпсэу, я бынхэр кьалъыимыгъаззу. Хэбгъэзыхьмэ, я ныбжьыр нэсу жьакІэр щапльыж ІэхъущІапІэр псэупІэ зыхуэхъуа лІыжьым е фызыжьым и деж и быныр лъагъунлъагу щыкІуэр ззэзмызэщ.

ЛъэпкъщІэм щІигу щыпсэу ди къэралым щыщ дэтхэнэми кьыдекІуэкІ хабзэ быдэщ лІыпІэ иужьку сабийхэр адэ-анэжэм япІынир, ирагъэджэныр, сыт и лъэныкъуэкІи пщІэ кьыхуащІу кьагъэтащІынур. Ар икІи къэрал политикэщ. Дызэрыщыгъэгъуаззщи, и адэмрэ анэмрэ зэбгъэдэкІыжами, я бынхэр утыкум кьынэркъым, апхуэдэ дыдэуи я щІэблэри балигъ хуэ нэужь ядэІэпыкъуэкІ хуейщ лъэрымыкъ хъуа кьэзылъхьахэм. А псоми я лъабжьэри яку дэлъ хуабагъэмрэ лъагъунагъэмрэщ. Ауэ «тхуэ» еджэкэм ахъшэ ятыным Іей и лъэныкъуэкІэ ижь ящІимыхну пІэрэ я зэхуущытыкІэхэм? Дэ и гугъу тщІыхэрэкьым апхуэдэ хабзэм нэфІнейм, Іупльэхэм яхуэдэ мыхъумыщІагъэхэр кьызэрыкІэрыщІэнуми.

Депутатхэм я лэжьыгъэр ягъэзащІэ. Абыхэм кьыхэлъхьэ псори Іэ1этымрэ жылагъуэм и бгъэдыхьэкІэмкІэ яухуэнщІыж. Нэхъ яфІэхъабылхэр кьонэ. Ахэращ зэхъуэкІыныгъэхэм дыхуэзышэри.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

«Лъэсырызекіуэм щхьэнтэ щІэдзакъым»

Апхуэдэ фІэщыгъэм щІэту Налшык щагъэувэ светофор «губзыгъэм» деж щекІуэкІащ автоинспекторхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, «Призвание» мед-колледжым щеджэ студентхэр, журналистхэр зыхэта Іуэху. Ар хуэгъэпсат гъэгуэхэм фэбжьхэр кьыщымыгъэхъун папщІэ транспортзехуэхэмрэ лъэсырызекІуэхэмрэ яку дэлъхьн хуей зэхущытыкІэ тэмэмхэм.

ІУЭХУР щекІуэкІа щІыпІэри егупсысауэ кьыхахащ - Налшык дэт медицинэ колледжым и Іэгъублагъэр. Цыху куэд щызэхэзекІуэ а щІыпІэм хуэзэ ГъэгуэгуэкІ зэрышынагъуэр кьалъытэри, Іуэхум и кьызэгъэпэщакІуэхэмрэ хэрал Автоинспекцэм и лэжьакІуэхэмрэ Къабэрдей-Балъкъэрым и УнафэщІым зыхуагъэзащ, светофор «губзыгъэхэр» а щІыпІэхэм щыгъэувыным щІэлъэІуу.

Налшык щыІэ УМВД-м и къэрал Автоинспекцэм и лэжьакІуэхэмрэ медицинэ еджапІэм щеджэхэмрэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым фэбжь кьыщымыгъэхъун», «ЛъэсырызекІуэм щхьэнтэ щІэдзакъым» псалъэхэр зытет плакатхэр яІыгъыу транспортэхуэхэм зыхуагъэзащ, гъэгурыкІуэхэм гулъытэ хэха яхуэщІын зэрыхуейм ахэр кьыхураджэу. Мы Іуэхугъуэм хэтащ КъБР-м щыІэ МВД-м и Жылагъуэ советым и лІыкІуэхэу Мэхъушэ Русланрэ Васинэ Вероникэрэ. Абыхэм ирагъэкІуэкІащ светофор «губзыгъэм» и лэжьакІэм кьалэдэсхэр щызэІугъэзэ дерсхэр икІи щІалэгъуэлэр кьыкьураджащ, гъэгу хабзэхэр кьыззэпамыдыну, светофорхэм я деж зыщІэжьэну, лъэныкъуэтІымкІи транспортхэр кьызэрыщыуыпІар зрагъэлъагъуэу, зэпрыкІыпІэхэм темыхьэну.

Налшык кьалэ щагъэуващ, лъэсырызекІуэхэм кнопкэм тракъузэн фІэкІа хуэмейуэ, гъэгуэхэм шынагъэуэнщэу зэпрыкІынымкІэ кьаХуэщхьэпэ светофор губзыгъэ 16. Налшык щыІэ къэрал автоинспекцэмкІэ Іуэхущапіэм и кІуэдамэм и унафэщІ Моторовэ Алла акцэм хэтхэм кьагурГъэІуащ, апхуэдэ светофорхэр ягъэувын ипэкІэ, ар зыхуэзэну щІыпІэхэм шынагъуэ и лъэныкъуэкІэ щыІэ щытыкІэр хабзэр тету кьызэрапщытэр. Апхуэдэхэм нэхъыбэу хеубыдэ цІыху куэд щызэтрихьэ социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхущапіэхэм, еджапІэхэм, сабий садхэм, тыкуэныщхьэхэм, бззэрхэм я Іэгъублагъэхэр. Псом ящхьэращи, ахэр ягъэувэ нэужь щытыкІэм зэуэ зехьэжь: транспортхэр кьызэтоувІэри, гъэгурыкІуэхэр благъэкІ, зэрыпэплъэн хуей зэманым тету.

2023 гъэр зэхэзрихьэрэ ди республикэм гъэгу хабзэхэр зы миным щІигъурэ кьыщызэпаудащ, гъэгурыкІуэхэмрэ транспортым дэсхэмрэ я зэ

● Пшыхьхэр

Щlэблэр усыгъэм драгъэхьэх

Бахьсэнёнкэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм усэхэмрэ уэрэдхэмрэ я пшыхь щрагъэкlуэкlащ. Ар къыззрагъэпэщащ усакlуэ, КъБР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, Бахьсэн щынальэм щэнхабзэмкlэ и центрым и методист нэхъыжь Зэгъэщтокъуэ Людмэрэ къуажэ библиотекэм и унафэщlэ Гъут Фенэрэ. Къуажэм и илъ, етlуанэ курыт еджапlэхэм щlэсхэм жаlащ уэрэдус Вындыжь Марие и сабийр уэрэд щыкlуэхэр, къеджащ усакlуэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и лэжьакlуэ Хьэту Пётр, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент Гугъуэт Заремэ сымэ я усэхэм. Вындыжьым иуса уэрэдхэр щlэщыгъуэу ягъэзэщlащ «Щэнхабзэ-зыгъэпсэхуплlэ центр» lуэхущlапlэм Бахьсэнёнкэ къуажэм щиlэ къудамэм и художественнэ унафэщl Щхьэгъуэ Борис макъамэм хуигъасэ сабийхэм.

- ЩЭНХАБЗЭМКlЭ унэм щlэх-щlэхьыурэ къыдогъэблагъэ тхакlуэхэмрэ усакlуэхэмрэ, мыхьэнэшхэу иlэу къыдольытэ ди щlэблэм ахэр едгъэщlыхуным, я Iэдакъэщlэкlхэм дедгъэхьэхыным. Нобэ ныбжьыщlэхэм яхуэдгъэззэну, я гупсысэ зэхедгъэхыну къедгъэблэгъащ ди усакlуэ нэхъыжьхэри ныбжькlэ нэхъ щlали, - жаlащ Зэгъэщтокъуэ Людэ, пшыхьыр яхуэщlащ щэнхабзэм теухуауэ ирагъэкlуэкl Iэхуэхэм сыт щыгъуи гулъытэ хуэзыщl, къуажэ администрацэм и унафэщl Абрэдж Хьэутий, адыгэбзэмкlэ егъэджакlуэхэу Даур Заремэрэ Абрэдж ФатIимэрэ.

- Сабийхэм гъэсэныгъэрэ зыужьыныгъэу бгъэдэфлъхьэм дэ куэдрэ щыхьэт дыгъэхуэ, - жаlащ Хьэту Пётр, Iуэхур къыззэгъэпэщахэм ф1ныщlэ яхуищlу. - Нобэ усэ къеджа цыкlухэм я ныбжьым дыщитым дэри гъэсакlуэхэм еджэным дытрагъэгушхуэрт зэпымыууэ. Тлъэкl къэдмыгъанэуи деджащ. Усэу ттхыхэм сабийхэр яфlэфlу къоджэри, ар туапэщ. Сэ етlуанэ классым сыщеджэу щlэздзащ тхэн. Пэжщ, си япэ тхыгъэхэм усэкlи уеджэнутэкъым, ауэ апхуэдэу пасэу сыдихьэхат. Школыр къэзуха ныужь, нэхъ си фlэщу сытхэ хъуащ. Школым сыщеджэм литературэр апхуэдизу ф1ныуэ сольагъурт, нэгъуащl дерсхэми партэм дэзгъэпщкlухьа таурыхъ тхылъым седжэу сыщыст. Къуажэ библиотекэм сабийхэм папщlэ къудамэ иlэти, си фlэщ хъуртэкъым абы щlэзмыджькlыауэ къыщlэзнаlауэ. Усэхэм, таурыхъхэм, хъыбархэм фи псэр къабзэ ящlынущ, фи фlэщ фщlы.

Усакlуэм ныбжьыщlэ цыкlухэр къыхуриджащ тхылъыр ягъэныбжьэгъуну, щlэныгъэ лъабжьэ быдэ зэрагъэпэщыну.

Вындыжь Марие щlэблэм ядагъэшащ сабийхэм яхуэтхэну зэрыфlэфым теухуа гупсысхэмкlэ.

- Къэсейхьэблэ ф1ныуэ щlэсльагъым щхьэусыгъуэ иlэщ. Педучилищэр къэзуха ныужь, япэу лэжьэн щыщlэздзащ мыращ. Интернатым дыкъагъэкlуаеу арат лэжьапlэ, ауэ яхуажадзэхэр апхуэдизкlэ гуапэу къытхущlытти, сыкъыщалъхуа къуажэм пэсщl хъуащ. Апхуэдизу ф1ныуэ сльэгъуа-жэм фращlэблащ фэ цыкlухэр. Икlи фэ щlыху гуащlафlэхэр къыфхэкlыну дыфщогугъ. Сэ тхэным сытезыгъэгушхуар цыкlухэм яхузиlэ лъагъуныгъэщl. Сабийхэм усэ яхуэстхьурэ, итlанэ сегупсысащ, ярэби уэрэду жаlэмэ яхъ тыншу я гум ирауфыдэфыну п1эрэ, жысlэри. Макъамэ зыщlалъхьэ усэ тхыныр къызэхъулlащ, цlыхухэми ягу дыхьащ. Балигъэми сахуотхэ, ауэ, зэрыщlэздзар сабийхэм яхуэгъэзауэщ - аращ си гум нэхъ ф1эфыр. Иджыблагъэ къыдэзгъэкlащ сабийхэм папщlэ япэ адыгэ мюзикл. Ар театр щlыкlэм тету гъэпсащ: уэрэд цыкlухэр жаlэм нэмыщl, ар къагъэлъагъуэу, - жаlащ абы икlи зи гугъу ищlа тхыльыр школакlуэхэм тыгъэ яхуищlащ.

Гугъуэт Заремэ жэуап иритащ тхэн зэрыщlидзам, зытетхыхьыну зыдихьэхэм, ф1ныуэ илъагъу усакlуэхэм ятеухуауэ еджакlуэхэм кърата упщlэхэм. И тхылъри ныбжьыщlэхэм тыгъэ яхуищlащ.

- Сэ къысщохъу уэ зытххэр адрейхэм къащхьэщыкlыу. Ахэр нэхъ цlыху пэжу, щабэу, гумащlэу, гупцlанэу къысщохъу. Си фlэщ хъуркъым гурэ псэкlэ зыхьыумыщlэу усэ тхуэтхыну. Фэ фтха тхылъэр щlэблэм я пащхьэм итлъхьэхукlэ, ф1ныщlэ фхудощl. Ди библиотекэхэм щыдохьумэ республикэм къыщыдэкl тхылъхэр. Тхылъыщlэ дунейм къытехьэмэ, Iэмал имыIэу зыIэрыдогъхьэ. Зэгъэщтокъуэ Людэ зэпымыууэ тыгъэ къытхуещl ди тхакlуэусакlуэхэм я Iэдакъэ къыщlэкlхэр. Ахэр щlэрыпсыжкъым, куэдрэ зэрызэIэпахыр, цlыхухэм зэрыщlаджыкlыр болъагъу. Ныбжьыщlэхэр нэхъыбэ едгъэджэну дыхуейщ. Къэпщтэмэ, литературэм усэкlэ зыкъ удихьэхыну къысщохъу, усыгъэкlэ къыщlэбдзэрэ прозэми y1эбэу, - жаlащ Бахьсэн щынальэм и библиотекэ системэм и унафэщl Нэгъуей Радимэ. Абы цыкlухэми захуигъэзащ чэнджэщкlэ:

- Библиотекэм нэхъыбэрэ фыкlуэ, тхылъ куэду феджэ, фи бзэр къулей фщlы, фи гупсысэри щlэныгъэкlэ фыпсыхь. Хэт ищlэрэ, мы дыкъэзыухъуреихь щlыуэпсым и тепъыджагъым усэбзэкlэ фытепсэлъыхьыну фэри фигу къихьэнкlэ хъунущ.

- Усакlуэхэм пщlэшхуэ яхуэтщlу дыкъокlуэкl дызэрыщlыкlурэ. Усэхэм уеджэмэ, нэгъуащlынэкlэ дунейм уоплъ, гулъытэнщэу къэбгъанэу щыта Iуэхугъуэ куэдым гу лъыботэж. Уцlыкlуу тхылъ еджэным зептмэ, игъащlэ псокlэ хьэлыфlу къыпхуинэнущ ар. Художественнэ тхыгъэм ущеджэкlэ къуит гурыщlэр псалъэкlэ къыпхуэмыIуэтэн хуэдизщ. Нобэ усэ къытхуеджа цыкlухэми сыныводлъэIу тхылъым зэи фи щlыб хуэмыгъэззэну, - жаlащ Бахьсэн щынальэм и библиотекэ системэм и методист Лlыгъыр Ельвирэ.

Бахьсэнёнкэ къуажэм и курит еджапlэ №2-м и егъэджакlуэ Хьэтэжьыкъуэ Ларисэ жаlащ художественнэ тхыгъэ зи Iэдакъэ къыщlэкlхэм пщlэ лей зэрахуищlыр, ныбжьыкlэм зиlэ Iуэхуэхэм ятеуауэ библиографие тхыгъэхэр. 50 - 60 гъэхэм ягъэуба фэеплъхьэм я иджырей щытыкlэм сурэтхэр трахащ, щlэблэм къыхуагъэнэн папщlэ.

- Ильэс 78-рэ дэкlами, совет лъэпкъым зэрихьа лlыгъэм и мыхьэнэм хохъуэ. Хэку зауэшхуэм и фэеплъыр зэманым дэужьыкъыркъым, щlэблэ къэс абы щlапlыкl. Абы и щlыхьэтщ мы лэжьыгъэр. А гупсысэр къыхиГэщащ «Боевое братство» урысейпсо жылагъуэ зэгучьэныгъэм и щlыналъэ хьудамэм и унафэщl Гелястанов Барэсбий библиотекэм и лэжьакlуэхэм зэфlагъэкlа Iуэхухэм я мыхьэнэм и гугъу щиlым.

«Альтаир» урыс географие зэгучьэныгъэм и Щlалэгъуалэ клубым и унафэщl Мокаев Тенджыз Iэжьыгъэр зыщlэхэм гуапэу ехъуэхъуауэ икlи жаlащ Хэку зауэшхуэм и фэеплъыр хъума хъунымкlэ ар зэрыуасэншэр. Мультимедиа проектым щlалэгъуалэ нэхъыбэ щагъэгъуэззну къыхуриджащ Мокаевым.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.

● Гъуазджэ

ЗэуапIэм Iумыта лIыхъужьхэр

Мариинскэ театрым иджыблагъэ щагъэлъэгъуащ Чайковский Александр и «Рубеж» оперэр. Езы композиторыр оперэ-поэмэкlэ йоджэ. Ар абы иджы япэу щагъэувауэ ащ, и режиссёрыр ГИТИС-р къэзыуха адыгэ щlалэ Къалэ Мурат щ.

2012 ГЪЭМ «Музыкэ театрым и режиссёр» Iэщlагъэр иIэу Къалэм ГИТИС-р къиуха щ (Титель А.Б., Ясуповыр И.Н. сымэ я гъэсэнщ). Абы нэхъ ипэкlэ игъэувауэ щытащ «Коронация Поппеи» (Монтеверди Клаудио), «Вий» (Гоголь Николай), «Оркестр» (Ануй Жан), «Дракон» (Шварц Евгений), нэгъуэщlхэри, макъамэрэ усыгъэрэ щыз эхэуху эна спектаклхэр, шоу-концертхэр. Театр гъуазджэхэмкlэ 4DRAMA Iуэхущlапlэр кьыз эзэныгъэпэщ ари и художественнэ унафэщlри Мурат щ.

Чайковскэм и «Рубеж» оперэр Ленинград щхьэхуит къыззращlыжрэ илъэс 80 щыкlуэм ирихьэлlэу ящlа дауэдапщэкэм ящыщщ.

Оперэм лъабжьэ хущlар Тихвин къалэм и дэфтэр хьумапlэм къыщагъэта тхыгъэхэрщ. Ахэр теухуащ Ленинград нэмыцlэхэм щауфыдам абы дэсахэм я псэукlам, ялъэгъуа гугъуехьхэм. Хэку зауэшхуэм щыгъуэ цlыху къыззрыгъэкlэм я псэм бэлыхьу телъам теухуауэ мыр япэ оперэщ. Текlуэныгъэр къагъэблагъэн папщlэ бзылъхугъэхэм, сабийхэмрэ жьыкlэфэкlэхэмрэ яхуэзфlэкlам, зорахьа лlыгъэм теухуащ ар. Мы Iуэхур оперэкlэ къагъэлъэгъуа мыхъуауэ екlуэкlыртри, иджырей лэжьыгъэм игъэзэкlуэжауэ къэплъытэ хъунущ.

Оперэм и музыкэ унафэщlыр, дирижёр нэхъыщlхэр Голиков Михаилщ. Абы зэрыжиlамкlэ, Чайковский Александр и Iэдакъэщlэкlыр зауэракъым зытеухуар, атlэ ноби дызыIущlэнкlэ хъуну цlыхухэращ.

Гъэщlэгъуэнщ абы и лъэныкъэкlэ Къалэ Мурат и Iуэху еплъыкlэр.

- Цlыхухэм нэхъыщlхэ щыIэкъым. Псоми фIныуэ зыхащlыкl, куэд дыдэрэ зытепсэлъыхьа зауэм хэта цlыху щхьэхуэхэм я Iащlэр, абыхэм ягъэва гуэзэвэгъуэ щlэзэныгъэ. Гъуэ ныжь дихьащ. Бзылъхугъэхэм, лlыжь-фызыжьхэм, сабийхэм я Iащlэр оперэм и бзэкlэ къэпIуэтэныр дэркlэ Iуэху гъэщlэгъуэнт. Иужьрей репетицэм Чайковский Александр къедгъэблагъэри едгъэплъати, абдеж дэ псоми къыщыдгурыIуащ, оперэм хэт ролхэр бгъэзащlэ мыхъуу урипсэун, кууэ зыхэпщlэн зэрыхуейр, арыншамэ, абы и гупсысэ нэхъыщlхэр театреплъхьэм я деж пхунэхьэсэныкъым. Цlыхугъэр яфlэмыкlуэду а мафlэм къыхэкlын зыхуэзэфlэкlахэрщ оперэр зытеухуар, - жаlащ Мурат.

Лlыхъужь нэхъыщlхэу зэрыгъэлъагъуар Тихоновэ Пелагея къыхегъащ абы зи роль игъэзащlэ (илъэс 17 - 18-м ит) хъыджэбзымрэ дзэ инженер щlалэмрэ зэращыхьэтыр зэманым я нэхъ хьэлъэми гурыщlэ къабзэхэр зэрыпхуэхъумэм.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Зэущlэхэр

Тхыдэм пщIэ хуащI

Мэлбахъуэ Тимборэ и щlэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм утыку къыщрахьащ «Есть память, которой не будет забвенья, и слава, которой не будет конца. Памятники Великой Отечественной войны Кабардино-Балкарии» мультимедиа проектыр. Ар теухуауэ щытащ Хэку зауэшхуэр ди Текlуэныгъэ Инкlэ зэриухрэ илъэс 78-рэ зэрырикъум.

ЗЭХЫХЬЭМ ирагъэблагъащ республикэм и жылагъуэ, щlэныгъэ зэгучьэныгъэхэм, къэлъыхьыкlуэ гупхэм, хьыбарегъащlэ Iуэхущlапlэхэм я лэжьакlуэхэр.

Зэлущlэр къызэIуэха библиограф Молэмусэ Маринэ къыхигъащащ проектыр къызэрагъэпэщын папщlэ библиотекэм и фондхэм илъэситхкlэ зэрадолэжьар, газет, нэгъуащl къыдэкlыгъэхэм щыщ гъэтIылъыгъэхэр къызэрагъэсэбэпар. Абы и фIыгъэкlэ библиографие лэжьыгъэ 1600-рэ къызэрагъэпэщащ, Iьэпкъ библиотекэм и газет, тхылъ, журнал 7000-м къыхахри. Къъзэрдей-Балъкъэрым и кьалэхэмрэ районхэмрэ щыIэ фэеплъ 262-м, зауэлIхэм я къуэшыкхъи 106-м теухуахэр щызэхуэхьэса щыIэ хьуащ. Абы хагъэхьащ фэеплъым и цlэр, ар щагъэува щыпlэр, скульпторхэмрэ архитекторхэмрэ я щlэхэр, фэеплъыр гъэувыныр зи жэрдэмыр, зауэлlыр щыщlалъхьа гъэр, къыщызэIуаха илъэсыр, ар къыщагъэIэрэщlэжар, абы тет Iэрытхэр, нэгъуэщlхэри. Егупуу зэхуахьэсащ 1942 - 2022 гъэхэм тхыдэ мыхьэнэ зиIэу къэхуахэри.

Напlэжьуэ 537-рэ хъу лэжьыгъэр и сайтым къыщывгъэтыныращ. Проектыр ягъэхъэзыращ Iуэхущlапlэм и унафэщlым щlэныгъэ Iуэхухэмкlэ и къуэдзэ Арзанунц Александрэ и нэIэм щlэту.

Молэмусэ Маринэ зэрыжиIэмкlэ, Iуэхур теухуащ совет цlыхубэм къиха Текlуэныгъэ Иным и лlыхъужьхэм я пщlэр яхъумэным. Библиографием къыщыхьащ дэтхэнэ фэеплъми и тхыдэм ущызыгъэгъуазэ, нэмыцlэ зэрыпхуэакlуэхэм къуэхуреихьа щlынальэхэр ди зауэлIхэм щхьэхуит къыщащlыжьым зэрахьа лlыгъэр. Апхуэдизу абы хагъэхьащ республикэм и тхыдэм щыщ хъуа гуфlэгъуэ зэхьыхьэхэм, щlэблэр гъэсэныгъэкlэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэм ятеуауэ библиографие тхыгъэхэр. 50 - 60 гъэхэм ягъэува фэеплъхэм я иджырей щытыкlэм сурэтхэр трахащ, щlэблэм къыхуагъэнэн папщlэ.

- Ильэс 78-рэ дэкlами, совет лъэпкъым зэрихьа лlыгъэм и мыхьэнэм хохъуэ. Хэку зауэшхуэм и фэеплъыр зэманым дэужьыкъыркъым, щlэблэ къэс абы щlапlыкl. Абы и щlыхьэтщ мы лэжьыгъэр. А гупсысэр къыхиГэщащ «Боевое братство» урысейпсо жылагъуэ зэгучьэныгъэм и щlыналъэ хьудамэм и унафэщl Гелястанов Барэсбий библиотекэм и лэжьакlуэхэм зэфlагъэкlа Iуэхухэм я мыхьэнэм и гугъу щиlым.

«Альтаир» урыс географие зэгучьэныгъэм и Щlалэгъуалэ клубым и унафэщl Мокаев Тенджыз Iэжьыгъэр зыщlэхэм гуапэу ехъуэхъуауэ икlи жаlащ Хэку зауэшхуэм и фэеплъыр хъума хъунымкlэ ар зэрыуасэншэр. Мультимедиа проектым щlалэгъуалэ нэхъыбэ щагъэгъуэззну къыхуриджащ Мокаевым.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.

Мудрэн Азрэт и текIуэныгъэ

● Алыдж-урым бэнэкlэ

Наро-Фоминск къалэм фIыуэ зэхэзымыухэм я Урысей чемпионат щызэхэтащ. Я хьэпсагъ елъытакlэ гупилщу зэхэдзауэ щыта спортсмен 75-рэ, ди къэралым и щlыналъэ зэмылIэужьыгъуэу 24-м къикlауэ, мыбы щызэпеуати, Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа Мудрэн Азрэт зыхэтам япэ увыпIэр къащlихьащ.

КИЛОГРАММ 72-рэ зи хьэльагъэм я деж Азрэт нэхърэ нэхъ лъэщ Урысейм зэримысыр иджы еплlанэу къиГэльэгъуащ. А текlуэныгъэм и фIыгъэкlэ ар хэтыныщ зи узынщагъэм сэкъат иIэжьм папщlэ зэхэтыну сурдолимпиадэм. Ар бадзэуэгъуэм и 24-м щlидзэу Уфа къалэм щекlуэкlынущ.

● БэнэкIэ хунт

Ди щIалэхэм - медалибл

Ныбжьыщlэхэм я урысейпсо зэпеуэу Тулэ щекlуэкlам Къэбэрдей-Балъкъэрым дыжьын медаль къыхуихьащ СантIыкъ Мусэ. Абы щызэпеуэахэр илъэс 16 нэхърэ мынэхьыжь спортсменхэр.

КИЛОГРАММ 44-рэ зи хьэльагъэм я деж СантIыкъыр япэ увыпIэм щlэбэну Раджабов Сулътlан къыхуищlэри, етlуанэ хъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм псори зэхэту медалибл къахьащ, абы щыщу зыр дыщщ.

ХЬЭТIОХЪУЩЫКlЪУЕЙ Аслъэн.

ЧемпионыщIэм дыпоплъэ

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и гъэмахуэ чемпионатыр къызэIуахащ. Абы и япэ зэIущlэхэр накъыгъэм и пэщlэдзэм зэхэтами, псори щызэхуэзэфа джэгугъуэр щекlуэкlар блэкlа щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ.

НЭГЪАБЭРЕЙ зэхьэзэхуэм командэ пщыкlуплI хэтамэ, иджы абыхэм я бжьыгъэр пщыкlуныкъым нэсащ. Зэпеуэр зэхэзыуфлахэм яхэтлъагъуэжырыкъым гъэмахуэми щlымахуэми чемпионыгъэр иужьу зыIэрызыгъэхьа Бахьсэн и «Автозапчасть»-р. Абы и пIэкlэ бахьсэндэсхэм я щlыхьэр ехьымэ «Имран»-м. Араущ, мы гъэм чемпионыщlэ зэрыдиIэнум щэч хэлъкъым.

Кьищынэмышlауэ, гуапэщ Аргудан и «Бедик»-ми гуп нэхъыщlхэм къызэригъэзжар. А къуажэм сыт щыгъуи футболист лъэщхэр иIэ хабзэщ.

Накъыгъэм и 7-м зэхьэзэхуэр къызэIуахащ «Дохъушыкъуеймрэ» «Псыгуэнсымрэ» я зэIущlэмкlэ. Зэгъунэгъу къуажэхэр ерыщу зэпэщlэт хабзэщ. Апхуэдизу къэхъуащ иджыри. Старэшэрэждэсэхэмрэ псыгуэнсудэсэмрэ хэт нэхъ лъэщми яхуэзэгъэкlакъым джэгум хухаха сыхьэтрэ ныкъуэм. Ахэр зэрытемыгъэкlуаеу, 1:1-уэ, зэбгъэдэкlыжащ.

А махуэ дыдэм Бабугент къуажэм щыхьэщlащ «Бедик»-р. Аргудан икIа гупыщlэм хэгъэрейхэр икъукlэ хагъэзыхьащ, ауэ, икlэм-икlэжым, щlыпlэ «ЛогоВАЗ»-м къыпикIуэтащ 1:2-уэ.

Текlуэныгъэ Иным и махуэхэм зэIущlитI зэхэтащ. «Псыгуэнсум» Нарткъалэ 4:2-уэ щыхигъэщlащ Шэджэм икIа «Шэрджэсыр». «Кэнжэр» 3:2-уэ ефlэкlащ «Имран»-м.

Ещанэ джэгугъуэм хьихьэ зэIущlэхэр блэкlа щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтащ. Нэгъабэрей чемпионатым «Автозапчасть»-м ф1экlа зи япэ имыща Псынэдахэ къуажэ и «Родник»-м бжьигъэшхуэкlэ зэхьэзэхуэр иригъэжьащ. Акьбащ Ищхьэрэ щыIэу ар 5:2-уэ хэгъэрейхэм ефIэкlащ. Джылахьстэнейм апхуэдэ щыхьэзэфlэкlа куэд бгъуэтынукъым. Абы и щlыхьэтщ Тэрч кьалэ щыIа зэIущlэр. Псыгуэнсу икIа командэр тэрчдэсхэм кьрагъэкlуэтащ, топиплI я гъуэм дагъэкlри.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэкlэ бжьыпlэр щиубыдащ иригъэкlуэкlа зэIущlитIми щытекlуа «Кэнжэм». Иужьу ар Старэ Шэрэдж къуажэм щыIэу хэгъэрейхэм ефIэкlащ.

Иджы щыгъуаззэ фыхуэтщlынщ псори ирихьэлIэу зэхэта пэщlэдзэ джэгугъуэм кърикIуа бжьыгъэхэм: **«�логоВАЗ»** (Бабугент) - **«Малкэ»** (Малкэ) - **0:1**, **«Акьбащ»** (Акьбащ Ищхьэрэ) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **2:5**, **«Имран»** (Бахьсэн) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - 0:0, **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **5:2**, **«Урыху»** (Урыху) - **«Бедик»** (Аргудан) - **3:1**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Искра»** (Альтуд) - **0:2**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **4:2**, **«Дохъушыкъуей»** (Старэ Шэрэдж) - **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **2:3**.

КъыкlэпIыкlуэ джэгугъуэр дызыхуэкlуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущlэнущ: *накъыгъэм и 20-м* - «Малкэ» - «Искра», «Родник» - «ЛогоВАЗ», «Кэнжэ» - «Шэрджэс», «Имран» - «Дохъушыкъуей»; *накъыгъэм и 21-м* – «Спартак-Д» - «Бедик», «Ислъэмей» - «Урыху», «Псыгуэнсу» - «Акьбащ», «Тэрч» - «Шагъдий» командэхэр.

ШАФlЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и чемпионатым и гуп нэхъыщlхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекlуэкlыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Кэнжэ»	2	2	0	0	6-4	6
2. «Псыгуэнсу»	3	1	1	1	7-7	4
3. «Малкэ»	1	1	0	0	1-0	3
4. «Родник»	1	1	0	0	5-2	3
5. «Шэрджэс»	2	1	0	1	7-6	3
6. «Искра»	1	1	0	0	2-0	3
7. «Урыху»	1	1	0	0	3-1	3
8. «Тэрч»	1	1	0	0	4-2	3
9. «ЛогоВАЗ»	2	1	0	1	2-2	3
10. «Спартак-Д»	1	0	1	0	0-0	1
11. «Имран»	2	0	1	1	2-3	1
12. «Дохъушыкъуей»	2	0	1	1	3-4	1
13. «Ислъэмей»	1	0	0	1	0-2	0
14. «Акьбащ»	1	0	0	1	2-5	0
15. «Шагъдий»	1	0	0	1	2-5	0
16. «Бедик»	2	0	0	2	2-5	0

Тэрч щыналъэм хьихьэ Курп Ищхьэрэ (Къаншыуей) къуажэм иджыблагъэ щрагъэкlащ къуажэ тхьэмадэу щыта нэхъыжьыфI Ахьсор Пщымырзэ и фэеплъ шыгъажэ.

Пщымырзэ и фэеплъ шыгъажэ

ХАБЗЭ дахэ яхуэхъууауэ, илъэс къэс къызэрагъэпэщ а зэхьыхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlыналъэмкlэ Ингуш Республикэмрэ къикlа щууэ 60 щызэпеуащ. Ар Курп Ищхьэрэ къуажэ адамхэм зэрыщlащ, жылагъуэ Iуэхущlапlэхэм, Пщымырзэ и унагъуэм я жэрдэмкlэ къызэрагъэпэщащ.

Щынальэм щыпсэу куэд зэхуэзышэса а Iуэху дахэм, цlыкlуи инри щынэжэгужэт. Хэти кьафэрт, хэти тхьэрыкlуэф Iэнэм пэрыст, хэти текlуэну зыхуагъэфащэхэмкlэ эдуэдэрт.

Къэжэгъуихым хэтахэр метр 1.200-рэ, 1.500-рэ, 2000 зи кIыхьагъэ гъуэгуанэкlэ гуэшауэ щытащ.

Километр 20-р къэзыжаехэм ящыщу япэу къэсар Дыщэкl Аликщ.

Илъэсиц иримыкlуа адыгэшхэм тесахэм ятежащ Знатоков Сослъэн (метр 1.200-рэ). Илъэсищым щыгъуа адыгэшхэм я къэжэгъуэм япэу къэсар Къэнэмэт Аэмэтщ.

Илъэсит I иримыкlуа шыхэм (метр 1.200-рэ) ящыщу Дзэрахъэ Магомед ейр нэхъ лъэрыхьу къыщlэкlащ. Илъэсищым щыгъуаэм (метр 1.500-рэ) япэ къэжэгъуэм Хьэщхъэжьэ Асхэр, етlуанэ къэжэгъуэм Хьэгъажей Мулид пашэныгъэр щафыдащ.

Щыгъажэм щытекlуаэм ирагащ Ахьсорхэ я унагъуэм ягъэува ахьшэ саугъэтхэмрэ фэеплъ тыгъэхэмрэ.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

Редактор нэхъыщlхэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщl-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщl-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардан Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщlхэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; - 42-22-66.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Iуэхущlапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щlэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.683
Заказыр №1043

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщlэта Iуэхугъуэхэм я пэжкlэ Iуэхугъуэхэм я ныкъуэ зытехьэн нэсу жуэап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКlЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ,** *корректоркэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэлэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**

Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ **Мэльбахъуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl.